

Pou Piblikasyon Imedya: 05/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI EGZIJE SÈTIFIKA DESÈ POU
PRESIZE OPYOYID KI ENPLIKE NAN OVÈDOZ**

***S.1668/A.4915 Amande Lwa Sante Piblik Pou Swiv ak Jere Koz Kriz
Opyoyid yo Pi Byen.***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen lejislasyon (S.1668/A.4915) ki egzije ke sètifika desè yo nan ka ke gen yon ovèdoz opyoyid ki presize ki opyoyid ki te enplike nan lanmò a, si yo konnen. Nouvo lwa sa a egzije pou yo anrejistre enfòmasyon pou gen plis done ki pal disponib pou pi byen jere kriz opyoyid la.

"New York pran mezi ki pi agresif pou konbat kriz opyoyid ke nenpòt lòt eta nan peyi a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lwa bonsans sa a pral kontribiyè anpil pou asire ke nou gen enfòmasyon ki pi egzat pou nou ka sispann fleo sante piblik sa yon fwa pou tout."

Dapre lalwa aktyèl la, si yon moun mouri akòz yon ovèdoz opyoyid, pa gen okenn obligasyon pou sètifika desè a presize ki opyoyid ki te enplike. Lejislasyon ki siyen jodi a antre anvigè imedyatman.

Senatè John Brooks te deklare, "Kriz opyoyid nou ap fè fas la se yon gwo pwoblèm depi twò lontan. Kounye a pa gen okenn egzijans pou sètifika desè a gen ladan opyoyid espesifik ki enplike a. Sa a te gide nan yon mank enfòmasyon sou ki kalite opyoyid ki ka koze lanmò pi plis. Lè nou anrejistre enfòmasyon sa a, pral gen plis done ki disponib pou swiv ki opyoyid ki lakoz plis lanmò epi plis kominote ki nan bezwen yo pral pi byen ekipe pou konbat kriz sa a. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li siyen pwojè lwa sa a epi mwen remèsye li pou lidèchip li sou pwoblèm sa a".

Manm Asanble Kimberly Jean-Pierre te deklare, "Lè nou egzije sètifika desè yo pou fè lis kalite opyoyid espesifik ki lakoz lanmò ovèdoz, nou pral gen yon lòt zouti nan asenal nou pou ede konbat epi fini ak epidemi opyoyid la yon fwa pou tout. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou sipò paske li siyen lejislasyon enpòtan sa a pou fè li vin yon lwa".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)